

BAB III

MÉTODE PANALUNGTIKAN

3.1 Desain Panalungtikan

Métode asalna tina kecap *methodos* (basa Latén) anu hartina stratégi pikeun maham kana kanyataan (*realitas*) dumasar kana léngkah-léngkah anu ngéntép seureuh pikeun ngeungkulan runtuyan sabab-akibat (Ratna, 2013, kc. 34). Siswantoro (2010, kc. 55-56) nétélakeun yén métode téh nya éta cara nu dipaké dina panalungtikan anu mangrupa kagitan ilmiah, métodena kudu dilaksanakeun sacara sistematis dumasar kana urutan léngkah-léngkah panalungtikan.

Panalungtikan sastra sarua jeung panalungtikan élmu séjénna, nya éta maké métode anu sistematis. Bédana, panalungtikan sastra mah sipatna déskriptif. Ku kituna, métode dina ieu panalungtikan digolongkeun kana métode déskriptif. Mukhtar (2013, kc. 29) nétélakeun yén métode déskriptif nya éta:


“Metode deskriptif adalah sebuah penelitian yang dimaksudkan untuk mengungkap sebuah fakta empiris secara objektif dan ilmiah dengan berlandaskan pada logika keilmuan, prosedur, dan didukung oleh metodologi dan teoritis yang kuat sesuai dengan disiplin keilmuan yang ditekuni”.

Métode anu dipaké dina ieu panalungtikan nya éta métode déskriptif-analitik. Métode déskriptif-analitik nya éta métode anu ngadéskripsikeun sakabéh data kalawan rinci, anu saterusna éta data téh dianalisis (Ratna, 2013, kc. 53). Éta métode téh dipaké pikeun ngadéskripsikeun sajak-sajak dina buku kumpulan sajak *Titimangsa* ngaliwatan pamarekan struktural kana téksna.

Desain panalungtikan nya éta gambaran prosés panalungtikan anu rék dilaksanakeun (Mukhtar, 2013, kc. 39). Dina desain panalungtikan, sakurang-kurangna kudu aya: 1) judul panalungtikan nu nandeskeun masalah, 2) alesan diayakeunana panalungtikan, 3) tujuan panalungtikan, 4) mangpaat hasil panalungtikan, 5) landasan tiori, 6) talaaah kapustakaan, 7) métodologi (ngawengku téhnik *sampling*, métode ngeumpulkeun data, jeung métode analisis data), léngkah-léngkah panalungtikan, jeung biaya panalungtikan.

Ali (dina Jabrohim, 2012, kc. 31) méré gambaran yén panalungtikan dilaksana keun dumasar kana sababaraha tahap panalungtikan, nya éta: 1) tahap rarancang panalungtikan, 2) tahap ngalaksanakeun panalungtikan, jeung tahap nyieun laporan panalungtikan. Tahap rarancang ngawengku ngarumuskeun masalah, talaah kasang tukang masalah, jeung nyusun rarancang panalungtikan. Saterusna dituluykeun kana tahap ngalaksanakeun panalungtikan, nu ngawengku prosés ngumpulkeun data, ngelompokkeun, jeung nganalisis data. Tahap katilu nya éta tahap nyieun laporan panalungtikan. Ieu di handap dipedar desain anu dipaké dina ieu panalungtikan.

Bagan 3.1
Desain Panalungtikan



3.2 Sumber Data

Mukhtar (2013, kc. 107) méré gambaran yén sumber data mangrupa informasi atawa data-data anu dibutuhkeun dina panalungtikan, boh data primér

boh data sékundér. Subjék panalungtikan sastra nya éta téks-téks novél, carita pondok, jeung sajak.

Arikunto (2010, kc. 172) ngelompokkeun sumber data jadi 3P dumasar kana tingkatanana, nya éta:

P = *person*, sumber data anu mangrupa jelema,

P = *place*, sumber data anu mangrupa tempat, jeung

P = *paper*, sumber data anu mangrupa simbol.


Éta sumber data téh dijelaskeun saperti ieu di handap.

- a) *Person* (jlema) nya éta sumber data anu bisa méré data mangrupa jawaban lisan ngaliwatan wawancara atawa jawaban tinulis ngaliwatan angkét.
- b) *Place* (tempat) nya éta sumber data anu némbongkeun tampilan tempat. Éta tempat téh bisa dipaké pikeun kagiatan obsevasi. Contona kana: rohanngan, kalengkepan alat, wujud barang, warna, maju-mundurna kandaraan, lagu atawa musik, gerakan tari, pintoanan drama, jeung kagiatan pangajaran.
- c) *Paper* nya éta sumber data anu mangrupa tanda-tanda dina hurup, angka, gambar, atawa simbol-simbol séjénna.

Sumber data dina ieu panalungtikan nya éta sakabéh sajak anu aya dina buku kumpulan sajak *Titimangsa* karangan Abdullah Mustappa, anu ngawengku strukturna, kayaning: téma, nada, rasa, jeung amanat.

3.2.1 Déskripsi Data

Buku kumpulan saja *Titimangsa* karangan Abdullah Mustappa diterbitkeun ku Kiblat Buku Utama. Ieu buku medal dina taun 2013, jumlah kaca aya 72 kaca. Dina jilid bukuna aya lukisan “Pohon dari Langit” karya Salim. Di bagian luhur buku aya ngaran pangarangna, di handapna aya judul buku jeung jumlah sajakna. Di tungtung buku aya lukisan Salim 95. Ieu buku kumpulan sajak miboga karakteristik anu béda tina buku kumpulan sajak séjénna. Ieu hal katitén tina judul uku anu mangrupa judul utama tina sakabéh sajak-sajakna. Dina ieu buku, sajak-sajakna ukur dinomeran ti nomer 1 nepi ka 68.



Gambar 3.1
Cover Buku Kumpulan Sajak *Titimangsa* Karangan Abdullah Mustappa

3.3 Wangenan Operasional

Wangenan operasional dina ieu panalungtikan ditataan ieu di handap.

- 1) Sastra mangrupa ébréhan pribadi manusa dina wangun tinulis nu dicitak. Sastra ngagambarkeun pangalaman, alam pikiran, rasa, ide, sumanget, jeung kayakinanandina gambaran kahirupan nu mangrupa hasil imajinasi pangarang ngaliwatan prosés pamikiran kréatif, pikeun ngahasilkeun karya-karya sastra dina basa nu éndah.
- 2) Sajak (bébas) téh mangrupa salah sahiji wanda puisi anu teu kauger ku patokan. Sajak mangrupa ébréhan rasa jeung pamikiran panyajak anu imajinatif, disusun kalawan museurkeun kakuatan basa. Sajak mangrupa hasil

Riksa Sukma Wibawa , 2015

ANALISIS STRUKTURAL DINA KUMPULAN SAJAK TITIMANGSA KARYA ABDULLAH MUSTAPPA

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

kréativitas manusa dina niténan jeung neuleuman kahirupan manusa, didésripsikeun ku panyajak ngaliwatan média basa.

- 3) Strukturalisme nya éta paham atawa kajian anu asal kecapna tina struktural. Struktural nu miboga harti hiji karya sastra mangrupa struktur nu otonom, nu leupas tina unsur saluareun sastrana.

3.4 Instrumén Panalungtikan

Mukhtar (2013, kc. 109) nétélakeun yén instrumén panalungtikan nya éta alat anu digunakeun pikeun ngumpulkeun informasi anu disebut data panalungtikan. Dina ieu panalungtikan, instrumén anu dipaké nya éta kartu data. Ieu kartu dipaké pikeun ngumpulkeun jeung ngainvétarisasi data nu geus aya, sangkan gampang dina ngolahna. Instrumén anu dipaké dina ieu panalungtikan bisa katitén ieu di handap.

Tabél 3.1
Conto Kartu Data
Format Tabél Analisis Unsur Struktural
(Téma, Nada, Rasa, jeung Amanat)

No.	Kode	Objék Analisis	Interprétasi
1	2	3	4

3.5 Téhnik Panalungtikan

Téhnik asalna tina kecap *teknikos* (basa Yunani) anu hartina alat atawa seni ngagunakeun alat (Ratna, 2013, kc. 17). Téhnik diwincik jadi dua rupa, nya éta nya éta téhnik ngumpulkeun data jeung téhnik ngolah data.

3.5.1 Téhnik Ngumpulkeun Data

Téhnik nu digunakeun dina ngumpulkeun data na nya éta studi pustka, ku cara maca tuluy masing-masingkeun data sarta neuleuman hal-hal atawa bahan anu raket patalina jeung masalah nu rék ditalungtik. Lian ti éta, pikeun nangantukeun dasar-dasar tioritis anu aya patalina jeung bahan panalungtikan.

Riksa Sukma Wibawa, 2015

ANALISIS STRUKTURAL DINA KUMPULAN SAJAK TITIMANGSA KARYA ABDULLAH MUSTAPPA

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

3.5.2 Téhnik Ngolah Data

Téhnik ngolah data dina ieu panalungtikan nya éta téhnik analisis. Analisis data nya éta téhnik ngolah data hasil tina prosés panalungtikan, ku cara maparkeun hasil panalungtikan dina wangun déskriptif. Téhnik analisis dipaké pikeun nganalisis sakabéh data anu aya dina buku kumpulan sajak *Titimangsa* karya Abdullah Mustappa dumasar kana ulikan struktural. Éta téhnik dipiharep bisa ngadéskripsikeun unsur-unsur sajak dina buku kumpulan sajak *Titimangsa* karya Abdullah Mustappa kalawan jéntré.

Data anu dikumpulkeun dina ieu panalungtikan saterusna dianalisis dumasar kana léngkah-léngkah ieu di handap.

- 1) Mariksa jeung milih data. Data anu dipaké nya éta sajak-sajak karangan Abdullah Mustappa. Ieu hal miboga udagan pikeun mariksa kalengkapan data.
- 2) Data anu geus kakumpul, tuluy dipasing-pasing pikeun jadi bahan analisis.
- 3) Data dianalisis ngaliwatan pamarekan struktural.
- 4) Unggal data nu kapanggih dina kumpulan sajak *Titimangsa* dinomeran maké kode nu tangtu.

Conto kode: Sajak no. 27 (27.31.03)

27: nomer urut sajak

31: kaca

03: padalisan

- 5) Nyieun kacindekan ngeunaan hasil analisis.

Tabél 3.2
Data Nomer Urut Sajak

No. Urut Sajak	Kode Sajak	Keterangan
1	2	3
1.	01.05.xx	Dianalisis
2.	02.06.xx	Dianalisis
3.	03.07.xx	Teu dianalisis
4.	04.08.xx	Dianalisis
5.	05.09.xx	Dianalisis
6.	06.10.xx	Teu dianalisis
7.	07.11.xx	Teu dianalisis

Riksa Sukma Wibawa , 2015

ANALISIS STRUKTURAL DINA KUMPULAN SAJAK TITIMANGSA KARYA ABDULLAH MUSTAPPA

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

8.	08.12.xx	Dianalisis
9.	09.13.xx	Teu dianalisis
10.	10.14.xx	Teu dianalisis
11.	11.15.xx	Teu dianalisis
1	2	3
12.	12.16.xx	Teu dianalisis
13.	13.17.xx	Dianalisis
14.	14.18.xx	Teu dianalisis
15.	15.19.xx	Teu dianalisis
16.	16.20.xx	Dianalisis
17.	17.21.xx	Dianalisis
18.	18.22.xx	Dianalisis
19.	19.23.xx	Dianalisis
20.	20.24.xx	Dianalisis
21.	21.25.xx	Dianalisis
22.	22.26.xx	Dianalisis
23.	23.27.xx	Dianalisis
24.	24.28.xx	Dianalisis
25.	25.29.xx	Teu dianalisis
26.	26.30.xx	Teu dianalisis
27.	27.31.xx	Teu dianalisis
28.	28.32.xx	Teu dianalisis
29.	29.33.xx	Teu dianalisis
30.	30.34.xx	Dianalisis
31.	31.35.xx	Dianalisis
32.	32.36.xx	Dianalisis
33.	33.37.xx	Dianalisis
34.	34.38.xx	Dianalisis
35.	35.39.xx	Dianalisis
36.	36.40.xx	Dianalisis
37.	37.41.xx	Dianalisis
38.	38.42.xx	Dianalisis
39.	39.43.xx	Dianalisis
40.	40.44.xx	Dianalisis
41.	41.45.xx	Teu dianalisis
42.	42.46.xx	Dianalisis
43.	43.47.xx	Dianalisis
44.	44.48.xx	Dianalisis
45.	45.49.xx	Teu dianalisis
46.	46.50.xx	Teu dianalisis
47.	47.51.xx	Teu dianalisis
48.	48.52.xx	Dianalisis
49.	49.53.xx	Dianalisis
50.	50.54.xx	Dianalisis
51.	51.55.xx	Teu dianalisis
52.	52.56.xx	Dianalisis
53.	53.57.xx	Teu dianalisis
54.	54.58.xx	Dianalisis
55.	55.59.xx	Dianalisis
56.	56.60.xx	Dianalisis
57.	57.61.xx	Teu dianalisis
58.	58.62.xx	Teu dianalisis
59.	59.63.xx	Dianalisis

Riksa Sukma Wibawa , 2015

ANALISIS STRUKTURAL DINA KUMPULAN SAJAK TITIMANGSA KARYA ABDULLAH MUSTAPPA

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

60.	60.64.xx	Teu dianalisis
61.	61.65.xx	Dianalisis
62.	62.66.xx	Teu dianalisis
63.	63.67.xx	Teu dianalisis
64.	64.68.xx	Teu dianalisis
65.	65.69.xx	Teu dianalisis
1	2	3
66.	66.70.xx	Dianalisis
67.	67.71.xx	Teu dianalisis
68.	68.72.xx	Teu dianalisis

Keterangan:

Contoh angka 27.31.xx = (1) 27, (2) 31, (3) xx

- (1) 27 = nomer urut sajak
- (2) 31 = nomer kaca
- (3) xx = nomer padalisan sajak